

# 5YÈM ANE

## NIVO ELEMANTÈ

## EGZAMEN SYANS SOSYAL

### DEZYÈM LIV

### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN (DBQ)

13 NOVANM 2008

Non elèv la \_\_\_\_\_

Non lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo.

Egzamen an gen twa pati. Jodi a w ap pran Pati III egzamen an.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman.

**Pati III A** a gen dokiman yo. Chak dokiman gen youn oubyen plis kesyon ki vin apre li. Ekri repons ou pou chak kesyon nan ti liv egzamen sa a nan espas yo ba w la. W ap sèvi ak repons ou bay pou kesyon yo pou ede w ekri redaksyon an.

**Pati III B** a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv repons redaksyon apa a, kòmanse nan premye paj ti liv la.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Ti Liv 2 a epi ekri redaksyon ou an.

**PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W VIRE L.**



## Pati III

### KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN

*Eksplikasyon:* Sa w gen pou fè anba a baze sou dokiman 1 jiska 6. Dokiman sa a fèt pou teste abilite w pou travay ak dokiman istorik. Gade chak dokiman epi reponn kesyon an oubyen kesyon yo aprè chak dokiman. Sèvi ak repons ou bay pou kesyon yo pou ede w ekri redaksyon an.

#### **Kontèks Istorik:**

An 1625, Olandè yo te fonde Nouvo Amstèdam, yo te vin rele Vil New York pita. Olandè yo te kontwole Nouvo Amstèdam pandan apeprè 40 an, men yo te enfliyanse kilti nan New York pandan dèsyèk. Peter Stuyvesant se te yon kòmandan enpòtan nan Nouvo Amstèdam.

#### **Sa w gen pou fè:**

Pou Pati A a, li **chak** dokiman ak anpil atansyon epi reponn kesyon an oubyen kesyon yo apre chak dokiman. Apre li eksplikasyon yo pou Pati B a epi ekri redaksyon ou an.

Pou Pati B a, sèvi ak repons ou yo nan Pati A a, ak enfòmasyon nan dokiman yo, epi ak konesans ou nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon byen òganize nan pwòp mo pa ou. Nan redaksyon ou an, ou dwe

- Ekri konsènan fason Peter Stuyvesant te amelyore lavi a nan vil Olandè Nouvo Amstèdam lan


## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Eksplikasyon:* Li chak dokiman epi reponn kesyon an oswa kesyon yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

### Dokiman 1

#### Zòn Koloni Olandè a nan New York



Sous: *New York State Activity Book*, Harcourt Brace and Company (adapte)

Nouvo Amstèdam te sitiye l nan pwent Il Manhattan. Li te fè pati pi gwo koloni Olandè a nan Nouvèl Olann. Se Konpayi Dutch West India ki te etabli epi kontwole Nouvèl Olann. Konpayi Dutch West India a te bezwen yon lidè ki djanm ki te ka dirije koloni an. Yo te anplwaye Peter Stuyvesant kòm direktè jeneral [gouvènè] koloni Nouvèl Olann lan an 1647.

**1a** Ki non yo te bay premye koloni Olandè a ki te vin fè pati Eta New York pita ? [0.5]

---

---

Score

**b** Ki non yo te bay premye vil Olandè a ki te vin tounen Vil New York pita ? [0.5]

---

---

Score

**c** Ki travay Konpayi Dutch West India a te anplwaye Peter Stuyvesant pou l fè ? [0.5]

---

---

Score

## Dokiman 2

. . . Lè nouvo gouvènè a [Peter Stuyvesant] te rive nan Nouvo Amstèdam an 1647 avèk madanm li, sè l ki te fèk pèdi mari l, ansanm ak twa pitit sè l la, li te fremi. Olye l te wè lari annò—jan l te espere a—okontrè li te wè labou. Yo te itilize miray Fort Amsterdam yo kòm chan patiray pou kèk bèf. Poul yo te fè nich yo anba bouch kanon wouye fò a. Nan twa moulen van yo, te gen youn yo pa t ka itilize ankò, alòske yon dezyèm te boule. Yo te konstwi kay yo vaykevay avèk bwa, epi tèt kay yo te fèt avèk pay epi cheminen yo an bwa. Twalèt yo nan vil la te pozisyonè dirèkteman sou lari a epi sa te kreye odè ki dezagreyab. Kochon yo t ap flannen toupatou, jan yo vle, epi se sèlman baryè solid ki te kenbe yo lwen jaden legim yo. Konstriksyon legliz la pa t fini. Te genyen 150 kay epi yon ka ladan yo se te tavèn yo te ye. Moun te sou toutan epi yo t ap batay nan lari a, menm nan jou Saba (jou datorasyon) ki te sipoze yon jou pou repo ak lapriyè. Stuyvesant te gen anpil bagay pou l te regle. . . .

Sous: Robert Quackenbush, *Old Silver Leg Takes Over!*, Prentice Hall, 1986 (adapte)

2 Site ***twa*** pwoblèm Peter Stuyvesant te jwenn lè l te rive nan Nouvo Amstèdam a.  
[0.5, 0.5, 0.5]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

(3) \_\_\_\_\_

Score

### Dokiman 3

. . . Peter te prè pou l travay. Li te di moun yo sa yo te ka fè ak sa yo pa t ka fè. Li te fèmen tavèn yo a nevè diswa chak swa. Li te fè moun yo peye amann lè yo goumen nan lari a. Li te fè konnen kochon yo dwe rete dèyè baryè, epi twalèt yo pa sipoze rete sou lari a.

Li te danjre pou mache nan lari Nouvo Amstèdam yo paske moun yo te kondwi charyo yo ak chwal yo twò vit. Peter te pase yon nouvo lwa. Li te di chofè yo dwe desann sou charyo yo epi pou yo devan ap mennen chwal yo. Yo te sèlman ka monte sou charyo yo pou sikile nan vil la sou lari ki te rele kounye a Broadway (Granri). Menm sou Broadway, li te limite vitès pou woule. . . .

Sous: Joan Banks, *Peter Stuyvesant*, Chelsea House Publishers, 2000

**3** Selon dokiman sa a, site *de* chanjman Peter Stuyvesant te fè ki te ede vil la.  
[0.5, 0.5]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 4

Peter Stuyvesant te pase lwa pou amelyore lavi a nan Nouvo Amstèdam. Dife se te yon pwoblèm. Yo te fè moun yo konnen yo dwe debarase yo avèk tèt kay pay, cheminen an bwa ak zèb yo rasanble paske yo ka lakoz dife. Li te nonmen enspektè pou tyeke pou asire moun yo te respekte lwa yo sou zafè dife. Yo te plen bokit yo dlo pou yo te ka touye dife yo. Yo te sèvi ak po kastò kòm taks pou peye pou bokit yo. Se konsa Peter Stuyvesant te kreye premye sapè-ponpye ann Amerik.

Pandan Stuyvesant te gouvènè, vil la te konstwi yon lopital ak yon biwo postal. Yo te fè yon kay pou òfelen yo. Yo te konstwi yon lekòl konsa elèv yo pa t oblije al lekòl nan tavèn yo.

4 Site *de* fason Peter Stuyvesant te amelyore kondisyon lavi a nan Nouvo Amstèdam. [0.5, 0.5, 0.5]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score



## Dokiman 5

An 1653, lagè te pete ant Angletè ak Olann. Stuyvesant te rankontre avèk konseye l yo pou yo fè plan pou defann Nouvo Amstèdam. Yo te dakò gen kèk reparasyon ki te nesesè pou yo fè nan fò a. Yo te konstwi yon miray nan pwent nò vil la. Se avèk bwa yo te fè miray la. Miray la te douz pye de wotè epi li te gen yon teras an pant kote gad yo te ka siveye lenmi yo. Sòlda ki t ap fè patwouy yo te sitèlman mache bò miray la yo te vin kreye yon wout. Jodi a wout sa a rele Wall Street.

- 5 Nonmen **yon** aksyon Peter Stuyvesant ak konseye l yo te antreprann pou defann Nouvo Amstèdam aprè lagè te pete ant Angletè ak Olann. [0.5]

---

---

Score

## Dokiman 6

. . . Le 4 oktòb 1658 nan Nouvo Amstèdam, yo te òganize premye fòs polis la. Kòm yon pati nan travay yo, polis yo te sèvi kòm ponpye tou. Pèman pou sèvis yo se te venn kat stivè (apeprè 48 santim) pou chak nwit yo te travay. Chak ofisye te gen yon mouskè, yon epe ak yon pistolè. Epitou li te gen sou li yon sonèt ki fèt an bwa pou ka fè bwi pou gen atansyon piblik la ankake ta gen yon dife oswa lapolis ta pase alaksyon. Epitou yo te sèvi antanke pòtvwa vil la pou bay lè, tanperati avèk nouvèl. Kèk moun nan vil la te ba yo ti non “wodè” kòm yon fason pou yo eksprime mepri yo [degou]. . . .

Sous: Bernard McMahon, *New Amsterdam 1626: Polly Bergen Letters*, Columbia Publishing, 1992

- 6** Selon dokiman sa a, ki sa Peter Stuyvesant te fè an 1658 pou l te amelyore Nouvo Amstèdam ? [0.5]

Score

**FOR TEACHER USE ONLY**

**Total Part III A Score \_\_\_\_\_**

**Maximum Score is 6**

## Pati B

### Redaksyon

*Eksplikasyon:* Ak pwòp mo pa ou, ekri yon redaksyon byen òganize pandan w ap sèvi ak dokiman yo, ak repons yo pou kesyon yo nan Pati A a epi ak konesans ou nan syans sosyal.

#### Kontèks Istorik:

An 1625, Olandè yo te fonde Nouvo Amstèdam, yo te vin rele l Vil New York pita. Olandè yo te kontwole Nouvo Amstèdam pandan apeprè 40 an, men yo te enfliyanse kilti nan New York pandan dèsyèk. Peter Stuyvesant se te yon kòmandan enpòtan nan Nouvo Amstèdam.

#### Sa w gen pou fè:

Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kote w ap

- Ekri sou fason Peter Stuyvesant te amelyore lavi nan vil Olandè Nouvo Amstèdam lan

#### Nan redaksyon w lan sonje pou

- Ekri sou fason Peter Stuyvesant te amelyore lavi nan vil Olandè Nouvo Amstèdam lan
- Mete ladann yon entwodiksyon, yon devlopman, ak yon konklizyon
- Sèvi ak enfòmasyon ki sòti nan *omwen kat* dokiman nan repons ou an
- Mete detay, egzanp, oubyen rezon lè w ap devlope lide ou yo

#### **FOR TEACHER USE ONLY**

Total Part III B Score \_\_\_\_\_

Maximum Score is 4



Non: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

## **PAJ POU EKRI PLAN**

Ou kapab ekri plan pou redaksyon w lan nan paj sa a, men pa ekri dènye redaksyon w lan la a. Sa ou ekri nan paj sa a **pa** pral konte pou dènye nòt ou a. Ekri dènye repons ou an nan ti liv repons redaksyon apa a.

**Kòmanse ekri dènye vèsyon redaksyon ou a nan ti liv repons redaksyon an.**





**FOR TEACHER USE ONLY**

Part I Score (Maximum Score is 35)	
Part II Score (Maximum Score is 12)	
Part III A Score (Maximum Score is 6)	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score (Maximum Score is 4)	
<b>Final Score</b> (obtained from conversion chart) Scaled 0–100	